## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРҒЫ КЕҢЕСИНИҢ ТОҒЫЗЫНШЫ СЕССИЯСЫ

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң
Қ А Р А Р Ы

**Қарақалпақстан Республикасының 2026-жылғы жергиликли бюджетин тастыйықлаў ҳаққында**

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен усынылған Қарақалпақстан Республикасының 2026-жылғы жергиликли бюджет параметрлерин қарап шығып, Өзбекстан Республикасы Бюджет кодексиниң 27, 99-статьялары, Өзбекстан Республикасының «2026-жыл ушын Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик бюджети ҳаққында»ғы 1105-санлы Нызамына муўапық, Өзбекстан Республикасы Есап палатасының 2025-жыл 20-октябрьдеги 02-1522-санлы ҳәм Экономика ҳәм финанс министрлигиниң 2025-жыл 25-декабрьдеги 01/57-1-29245-санлы хатларын инабатқа алып, Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 70-статьясы 15-бәнти ҳәм «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамының 8-статьясы 1-бөлими 19-бәнтине муўапық Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси

**ҚАРАР ЕТЕДИ:**

1. Өзбекстан Республикасының «2026-жыл ушын Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик бюджети ҳаққында»ғы Нызамы (кейинги орынларда - Нызам деп жүргизиледи) орынлаў ҳәм басшылыққа алынсын.

2. Өзбекстан Республикасының «2026-жыл ушын Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик бюджети ҳаққында»ғы Нызамына муўапық Қарақалпақстан Республикасы бюджетиниң 2026-жылғы дәраматлары **3 815,5 млрд.сўм** ҳәм қәрежетлери **6 314,0 млрд.сўм** муғдарында ҳәмде республика бюджетинен ажыратылатуғын тәртипке салыўшы бюджетлераралық трансфертлер **2 498,5 млрд.сўм** муғдарында тастыйықланғанлығы инабатқа алынсын.

3. Төмендегилер:

- Қарақалпақстан Республикасын 2026-жылда раўажландырыўдың тийкарғы макроэкономикалық прогнозы ҳәмде 2027-2028-жыллар ушын мақсетли режелер **1-қосымшаға**;
- Қарақалпақстан Республикасының республикалық бюджети дәраматларының 2026-жыл ушын тийкарғы прогноз көрсеткишлери **2-қосымшаға**;
- Қарақалпақстан Республикасының республика бюджетинен 2025-жылда аймақлық бюджет қаржыларын бөлистириўшилерге ажыратылатуғын қәрежетлердиң улыўма шекленген муғдарлары **3-қосымшаға**;

- Қарақалпақстан Республикасының республика бюджети, қала ҳәм районлардың жергиликли бюджетлерине улыўма мәмлекетлик салықлар ҳәм басқа мәжбүрий төлемлер, соның менен бирге, салық болмаған төлемлер бойынша белгиленетуғын ажыратпалар нормативлери **4-қосымша**ға муўапық тастыйықлансын.

*Бунда, ажыратылған қаржы нормалары бойынша Қарақалпақстан Республикасының республика бюджети менен қала ҳәм районлардың жергиликли бюджетлериниң бөлистирилиўин орнатылған тәртипте «Мәмлекет финансын басқарыў мәлимлеме системасы»на Қарақалпақстан Республикасы Ғазнашылық хызмети басқармасы тәрепинен киргизилиўи белгилеп қойылсын.*

4. Республика бюджетинен қала ҳәм районлар жергиликли бюджетлерине ажыратылатуғын тәртипке салыўшы бюджетлерааралық трансфертлер муғдарлары **5-қосымша**ға муўапық тастыйықлансын.

5. Қала ҳәм районлар жергиликли бюджетлериниң 2026-жыл дәраматлары ҳәм қәрежетлериниң шекленген муғдары **6-қосымша**ға муўапық мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

6. Қарақалпақстан Республикасының республикалық бюджети, қала ҳәм районлар бюджетлери жеке ғазна есап бетлеринде турған бюджет қаржыларының 2026-жылда жол қойылмайтуғын ең кем муғдары **7-қосымша**ға муўапық белгиленсин.

7. Қарақалпақстан Республикасының республика бюджети резерв фонды қаржылары 2026-жыл ушын **24 335,0 млн.сум** муғдарында белгиленсин.

Қарақалпақстан Республикасының республика бюджети, қала ҳәм районлар бюджетлериниң резерв фондлары тастыйықланған улыўма қәрежетлериниң *(жәмийетшилик пикири тийкарында қәлиплестиретуғын илажларды финанслық тәмийинлеў қаржыларынан тысқары)* кеминде 1,0 проценти муғдарында қәлиплестирилсин.

Бунда, қала ҳәм районлар бюджетлериниң резерв фондлары қаржылары муғдары алдыңғы жылдан кем болмаған муғдарда қәлиплестирилиўи ҳәм қосымша дереклерди қәлиплестириў Қарақалпақстан Республикасының республика бюджети резерв фондлары қаржыларын кемейтиў есабынан әмелге асырылыўы инабатқа алынсын.

8. Төмендегилер:

- аўыл хожалығына мөлшерленбеген жерлер ушын юридикалық шахслар бойынша абсолют муғдарда 1 гектар жер ушын белгиленген базалық салық ставкасына киргизилип атырылған кемейтиўши ҳәм арттырыўшы коэффициентлер муғдары **8-қосымша**ға;

- физикалық шахслардың жер салығы бойынша *(дийқан хожалығын жүргизиў ушын берилген аўыл хожалығына мөлшерленген жерлерден тысқары)* абсолют муғдарда 1 м$^2$ ушын белгиленген базалық салық ставкаларына салыстырғанда киргизилип атырылған кемейтиўши ҳәм арттырыўшы коэффициентлер муғдары **9-қосымша**ға;

- 2026-жыл ушын аўыл хожалығына мөлшерленген жерлер ушын базалық салық ставкасына киргизилип атырылған кемейтиўши ҳәм арттырыўшы коэффициентлер муғдары **10-қосымша**ға;

- 2026-жыл ушын физикалық шахслардан алынатуғын мал-мүлк салығы ушын салық ставкасына киргизилип атырылған кемейтиўши ҳәм арттырыўшы коэффициентлер муғдары **11-қосымша**ға;

- көшпес мүлкке болған ҳуқықларды мәмлекетлик дизиминен өткериўши уйымларда дизимнен өткерилиўи керек болған иморатлар ҳәм қурылмалардың 1 м$^2$ ушын толық муғдарда белгиленген минимал баҳасына салыстырғанда киргизилип атырылған коэффициентлер муғдары **12-қосымша**ға;

- 2026-жыл ушын мал-мүлкин ижараға бериўши физикалық ҳәм юридикалық шахслар ушын ижара төлеминиң ең кем ставкалары **13-қосымша**ға муўапық тастыйықлансын.

9. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң финанс-экономика ҳәм кәмбағаллықты қысқартыў мәселелери бойынша биринши орынбасары (Н.Ерлепесов), Экономика ҳәм финанс министрлиги (М.Бекчанов), Салық басқармасы (Х.Бекчанов) қала ҳәм район ҳәкимликлери менен биргеликте 2026-жыл жергиликли бюджети ушын белгиленген көрсеткишлердиң өз ўақтында ҳәм нәтийжели орынланыўын тәмийинлеўдиң барлық илажларын көрсин.

10. Қала ҳәм район ҳәкимликлери, аймақлық бюджет қаржыларын бөлистириўшилер (министрликлер, басқармалар ҳәм мәкемелер) 2026-жыл ушын ажыратылып атырылған бюджет қаржыларынан мақсетли ҳәм нәтийжели пайдаланыў, бюджет интизамына әмел етилиўи үстинен қадағалаў ҳәм жуўапкершиликти және де күшейтиў, тийисли жергиликли бюджетлерге салықлар ҳәм басқа мәжбүрий төлемлердиң толық түсимин тәмийинлеў ҳәмде бюджет дәраматлары базасын асырыў ҳәм қосымша резервлерди анықлаў зәрүрлигине айрықша итибар қаратсын.

11. Қарақалпақстан Республикасы Салық басқармасына (Х.Бекчанов) аймақлық салық инспекциялары менен биргеликте Өзбекстан Республикасы Салық кодексинде белгиленген ҳуқықларынан келип шығып:

- салықлардың толық ҳәм дуўры есапланыўы ҳәмде усы салықлардың өз ўақтында бюджетке өндирилиўи үстинен салық қадағалаўын орнатыў;
- жер салығы, суў ресурсларынан пайдаланғанлығы ушын салық ҳәм мал-мүлк салықлары бойынша турақлы анализлер өткерген ҳалда, салықлардың толық есапланыўын тәмийинлеў ҳәмде усы салық төлемлери бойынша салық қарыздарлығына жол қоймаў илажларын көриў;
- айланбадан алынатуғын салық түри бойынша салық төлеўшилер тәрепинен нақ пул айланбаларының салық есабатларында толық сәўлелендирилиўи үстинен турақлы салық қадағалаўын орнатыў ҳәмде зәрүр жағдайларда хронометраж ҳәм камерал салық қадағалаўы илажларын өткериў;
- жер ҳәм мал-мүлк салығының салық базасын асырыў, яғный хатлаўдан өткериў жумысларын нәтийжели ҳәм үзликсиз алып барыў ўазыйпалары жүкленсин.

12. Мәжбүрий орынлаў бюросы Қарақалпақстан Республикасы басқармасына (И.Арзиев) Салық басқармасы (Х.Бекчанов) менен биргеликте салықлар ҳәм басқа мәжбүрий төлемлер бойынша әмелдеги салық қарыздарлықларын бюджетке өндириў бойынша тийисли шаралар көрип барыў ҳәмде шереклер жуўмағы менен салық қарыздарлықларының шерек басына салыстырғанда кемейип барыўы бойынша барлық комплекс илажлар көриў ўазыйпасы жүкленсин.

13. Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекетлик Активлер басқармасына (М.Раджапов) Мәмлекетлик мүлк объектлеринен нәтийжели пайдаланыў орайының Қарақалпақстан Республикасы аймақлық басқармасы (Б.Ембергенов) менен биргеликте:

- бос турған мәмлекетлик мүлк объектлерин анықлаў бойынша турақлы түрде хатлаўдан өткериў жумысларын шөлкемлестириў;

- хатлаў нәтийжелери бойынша республикада бар болған бос турған мәмлекетлик мүлк объектлери дизимин қәлиплестириў, ижараға бериў ямаса сатыў бойынша тийисли усыныслар таярлаў ўазыйпасы жүкленсин.

14. Қарақалпақстан Республикасы Суў хожалығы министрлигине (Б.Юсупов) ҳәм Салық басқармасына (Х.Бекчанов) қала ҳәм районлар ҳәкимликлери менен биргеликте республикада суўғарыўға сарыпланып атырған суў көлемлери бойынша анық есап-китаплар жүргизген ҳалда суў ресурсларынан пайдаланғанлығы ушын салықлардың толық есапланыўы ҳәмде финанс жылы жуўмағына шекем жергиликли бюджетлерге толық өндирип алыў ўазыйпасы жүклensin.

Бунда, аўыл хожалығы кәрханалары тәрепинен пайдаланылып атырған суў ресурслары көлемлери ҳәм бул көлемлер бойынша есапланып атырған суў салықлары бойынша турақлы анализлер өткериўге айрықша итибар қаратылсын.

15. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси (Ш.Тешаев), Салық басқармасы (Х.Бекчанов), қала ҳәм район ҳәкимликлери менен биргеликте:

- аўыл хожалығы жерлерин ижараға бериўде есапланған ижара ҳәм қосымша төлем муғдарларын жергиликли бюджетке өндирилиўин;

- фермер хәм дийқан хожалықлары тәрепинен жетистирилген аўыл хожалығы өнимлери муғдарларының салық есабатларында толық сәўлелендириўин тәмийинлеў арқалы бюджетке қосымша дәраматлар базасын аттырылыўын тәмийинлесин.

16. Өзбекстан Республикасы Таў-кән санааты ҳәм геология министрлиги жанындағы Таў-кән, геология ҳәм санаат қәўипсизлигин қадағалаў инспекциясы арқа регионаллық басқармасы (А.Бобожонов) Қарақалпақстан Республикасы Салық басқармасы (Х.Бекчанов) менен биргеликте жер асты қазылма байлықларынан пайдаланыўшы исбилерменлик субъектлери тәрепинен қазып алынған пайдалы қазылма муғдарларын орнына барған ҳалда «маркшейдерлик» өлшеў жумысларын өткериў есабынан бюджетке түсимлердиң өндирилиўин тәмийинлесин.

17. Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министрлиги (Б.Төребеков), Әдиллик министрлиги (Э.Турсунов) республика бюджетине есапланған бажы, жәрийма ҳәм жыйымларды өз ўақтында толық жергиликли бюджетке өндириў илажларын көрип барсын.

18. Халық депутатлары қалалық ҳәм районлық Кеңеслери, қала хәм район ҳәкимликлери Өзбекстан Республикасы Бюджет кодексиниң 27 хәм 28-статьяларында белгиленген бюджет тараўындағы ҳуқықларынан келип шығып, бюджетке ҳәм мәмлекетлик мақсетли қорларына түсимлер толық ҳәм өз ўақтында түсиўи ҳәм бюджет қаржыларының мақсетли сарыпланыўы үстинен қадағалаў орнатсын.

19. Аймақлық бюджет қаржыларын бөлистириўшилер ҳәр шерек жуўмағы менен бюджет қаржыларының нәтийжели ҳәм мақсетли сарыпланғанлығы, қәрежетлердиң әмелий нәтийжелери бойынша әмелге асырылған жумыслары ҳаққында жергиликли Кеңеслерге есабат берип барсын.

Бунда, аймақлық бюджет қаржыларын бөлистириўшилер:

- бюджеттен ажыратылған қаржылардан мақсетли ҳәм нәтийжели пайдаланыў, әсиресе ис-ҳақы ҳәм оған теңлестирилген төлемлер, азық-аўқат, дәри-дәрмақ, коммунал хызметлери қәрежетлери ҳәм мәмлекетлик бағдарламалар ушын белгиленген қәрежетлердиң толық режелестирилиўи ҳәм өз ўақтында төлениўи;

- өзлериниң ҳәм ықтыярындағы шөлкемлердиң қәрежетлер сметасы, штат кестелери, дәраматлар ҳәм қәрежетлер сметаларының дурыс қәлиплестирилиўи;

- бюджеттен ажыратылған қаржылардың мақсетли сарыпланыўы ҳәм мақсетли индикаторлардың толық орынланыўы;

- ықтыярындағы тараў шөлкемлерине бюджеттен ажыратылатуғын қаржылардың дурыс бөлистирилиўи;

- бюджет процесиниң ашықлығын тәмийинлеў мақсетинде рәсмий веб-сайтларда мағлыўматлардың жайластырылып барылыўын тәмийинленсин.

20. Қарақалпақстан Республикасы Минстрлер Кеңеси (Ф.Эрманов) Салық басқармасы (Х.Бекчанов), Қарақалпақстан Республикасы Бәсекиликти раўажландырыў ҳәм тутыныўшылардың ҳуқықларын қорғаў комитети (Б.Исмаилов), қала ҳәм районлар ҳәкимликлери менен биргеликте сыртқы реклама объектлерин толық дизимнен өткерген ҳалда, сыртқы реклама объектлери бойынша шәртнамалар дүзиў илажларын көрсин ҳәмде бул шәртнамалар бойынша жыйымлардың бюджетке төлениўи үстинен турақлы қадағалаў орнатсын.

21. Өзбекстан Республикасы Бас Прокуратурасы жанындағы экономикалық жынаятларға қарсы гүресиў Департаментиниң Мәмлекетлик финанслық қадағалаў инспекциясы Қарақалпақстан Республикасы басқармасына (Қ.Қурбанов) бюджеттен ажыратылған қаржылардың мақсетли жумсалаўын қадағалаў ҳәм әмелге асырылып атырған жумыслар бойынша ҳәр шеректе Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине мәлимлеме киргизиў тапсырылсын.

22. Қарақалпақстан Республикаси Министрлер Кеңеси (Ф.Эрманов) Салық басқармасы (Х.Бекчанов), Экономика ҳәм финанс министрлиги (М.Бекчанов), қала ҳәм районлар ҳәкимликлери менен биргеликте Нызамда белгиленген айырым салықлар ҳәм төлем ставкалары, салық салыў тәртиплери бойынша ғалаба хабар қуралларында жарытылыўын тәмийинлесин.

23. Усы қарар «Еркин Қарақалпақстан», «Вести Каракалпакстана» ҳәм «Қорақалпоғистон тонги» газеталарында жәриялансын ҳәм Министрлер Кеңесиниң арнаўлы веб-сайтына жайластырылсын.

24. Усы қарар қабыл етилген күннен баслап күшке киреди.

25. Усы қарардың орынланыўын тәмийинлеў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы Ф.Эрмановқа ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Бюджет, экономикалық реформалар, инвестициялар ҳәм инновация мәселелери комитети баслығы Б.Сейтназаровқа жүкленсин.

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы** **А.Орынбаев**

Нөкис қаласы, 29-декабрь 2025-жыл
№ 88/IX

**Қарақалпақстан Республикасы жергиликли бюджетиниң 2026-жылғы параметрлери дәраматлар прогноз көрсеткишлери**

*млн.сўмда*

| № | Дәрамат түрлери | Жәми |
|---|---|---|
| **I** | **ЖӘМИ** | **3 815 468,0** |
| 1 | Юридикалық шахслардан алынатуғын пайда салығы | 188 791,0 |
| 2 | Айланбадан алынатуғын салық | 82 699,0 |
| 3 | Физикалық шахслардан алынатуғын дәрамат салығы | 1 852 988,0 |
| | *соннан, физикалық шахслардың мал-мүлкин ижараға бериўден* | *18 935,0* |
| 4 | Қосылған қун салығы | 160 884,4 |
| 5 | Акциз салығы, жәми | 359 979,6 |
| | *соннан* | |
| | *- арақ* | *54 699,6* |
| | *- бензин, дизел жанылғысы ҳәм газ реализациясынан салық* | *305 280,0* |
| 6 | Юридикалық шахслардың мал-мүлкине салынатуғын салық | 206 472,0 |
| 7 | Физикалық шахслардың мал-мүлкине салынатуғын салық | 130 197,0 |
| 8 | Юридикалық шахслардың жер салығы | 186 443,0 |
| 9 | Физикалық шахслардан алынатуғын жер салығы | 222 312,0 |
| 10 | Жер асты байлықларынан пайдаланғанлығы ушын салық (руда емес материаллары) | 22 111,0 |
| 11 | Суў ресурсларынан пайдаланғанлығы ушын салық | 85 962,0 |
| | *соннан аўыл хожалығы* | *74 785,0* |
| | *Аўыл хожалығы кәрханаларына суў ресурсларынан пайдаланғанлығы ушын салықтың 40 процентин қайтарыў (ПҚ-5)* | *- 29 914,0* |
| 12 | Мәмлекетлик бажы | 117 252,0 |
| 13 | Жәриймалар | 90 315,0 |
| 14 | Мәмлекетлик мүлкти ижараға бериўден төлем | 2 883,0 |
| 15 | Мәмлекетлик шөлкемлердиң дивиденд төлемлери | 454,0 |
| 16 | Басқа жыйымлар | 135 639,0 |
| **II** | Трансфертлер | **2 498 539,6** |
| 1 | Соннан, өткерип берилетуғын қаржылар | 191 514,0 |
| | **ЖӘМИ ДӘРАМАТЛАР** | **6 314 007,6** |

## Қарақалпақстан Республикасы жергиликли бюджетиниң 2026-жылғы параметрлери қәрежетлер прогнозы көрсеткишлери

*млн.сўмда*

| Көрсеткишлер | | Сумма |
|---|---|---|
| | **Қәрежетлер - жәми** | **6 314 007,6** |
| **1.** | **Халықты социаллық қоллап-қуўатлаў қәрежетлери - Жәми** | **4 171 743,8** |
| | *соннан* | |
| 1.1 | Билимлендириў | 1 385 622,3 |
| | - Мектепке шекемги билимлендириў | 306 940,8 |
| | - Халық билимлендириўи | 794 066,5 |
| | - кадрлар таярлаў | 284 615,0 |
| 1.2 | Денсаўлықты сақлаў | 2 423 538,9 |
| | *соннан: Мәмлекетлик медициналық қамсызландырыў қорына трансфертлер* | *2 260 277,6* |
| 1.3 | Мәдениযат ҳәм спорт | 351 175,1 |
| | *мәденият* | *157 230,3* |
| | *спорт* | *193 944,9* |
| 1.4 | Илим | 6 255,7 |
| 1.6 | Азатлықтан шеклеў жазасын өтеп болған пуқараларға дәслепки социаллық-материаллық жәрдем пакети | 0,0 |
| 1.5 | Пуқараларға жеткерилген зыянды қаплаў қәрежетлери | 3 500,0 |
| 1.7 | Социаллық беймлейстириў орайы | 1 651,8 |
| **2.** | **Экономика қәрежетлери** | **750 128,8** |
| | *соннан* | |
| 2.1 | Абаданластырыў | 343 145,7 |
| 2.2 | Ыссылық тәмийнаты тараўы мәкемелери ушын | 0,0 |
| 2.3 | Көп квартиралы үйлердеги лифт үскүнелерин оңлаў ҳәм сатып алыў қәрежетлери | 1 640,0 |
| 2.4 | Хожели суў жолы техник участкасы | 0,0 |
| 2.5 | Ыссылық энергиясы менен тәмийинлеўши мәкемелерге субсидиялар | 3 573,9 |
| 2.6 | Суў хожалығы министрлиги мәкемелери | 161 617,4 |
| 2.7 | Тәбиятты сақлаў қарежетлери | 14 059,0 |
| 2.8 | Тоғай хожалығы мәкемелери | 48 462,2 |
| 2.9 | Шегирткеге ҳәм қызыл гүбелекке қарсы профилактика ҳәм гүресиў қәрежетлери | 7 812,5 |
| 2.11 | Фермер хожалықларының бухгалтерия орайы | 8 108,1 |
| 2.13 | Пиллешилик ҳәм қаракөлшиликти раўажландырыў комитетиниң аймақлық бөлимлерин сақлаў қәрежетлери | 0,0 |
| 2.14 | Ветеринария комитети | 10 434,9 |
| 2.15 | Суўғарылатуғын жерлердиң мелиоратив жағдайын жақсылаў менен байланыслы қәрежетлер | 45 100,0 |
| 2.16 | Автобус жөнелислериниң жыллық субсидия қәрежетлер | 1 100,0 |
| 2.17 | Қарақалпақстан Республикасын социаллық-экономикалық раўажландырыў қоры қаржыларын қәлиплестириў | 80 000,0 |
| 2.18 | «Мәҳәлле бюджети» қоры қәрежетлери | 25 075,0 |

| | Көрсеткишлер | Сумма |
|---|---|---|
| **3.** | **Орайласқан инвестицияларды қаржыландырыў қәрежетлери** | **213 200,0** |
| | *соннан* | |
| 3.1 | Мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлерин реконструкциялаў, капитал оңлаў ҳәм үскенелеў. | 35 096,4 |
| 3.2 | Улыўма билим бериў мектеплерин реконструкциялаў, капитал оңлаў ҳәм үскенелеў. | 113 053,6 |
| 3.3 | Денсаўлықты сақлаў мәкемелерин реконструкциялаў, капитал оңлаў ҳәм инвентарлар менен тәмийинлеў қәрежетлери | 47 600,0 |
| 3.4 | Мелиорация объектлери | 17 450,0 |
| **4.** | **Мәмлекетлик басқарыў уйымларын сақлаў қәрежетлери** | **703 260,0** |
| | *соннан* | |
| 4.1 | Мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары | 19 895,1 |
| 4.2 | Мәмлекетлик басқарыў уйымлары | 678 208,7 |
| 4.3 | Мәмлекетлик емес, коммерциялық емес ҳәм пуқаралық жәмийети институтлары | 5 156,2 |
| **5** | **Сақлаўлы қоры** | **57 308,1** |
| **6** | **Пуқаралардың белсенди қорына** | **300 355,8** |
| **7** | **Басқа қәрежетлер ушын** | **118 011,1** |
| | *соннан* | |
| 7.1 | Қабыллар үйин сақлаў кәрежетлери | 5 683,7 |
| 7.2 | Ишки ҳәм сыртқы қарызға хызмет көрсетиў қәрежетлери | 75 116,3 |
| 7.3 | Адвокатлық хызметлери қәрежетлери | 1 500,0 |
| 7.4 | Жергиликли бюджеттен қаржыландырылатуғын басқа шөлкемлер | 35 711,1 |

Қарақалпақстан Республикасы
Жоқарғы Кеңесиниң
2025-жыл «27» Декабрьдеги
228/IX-санлы қарарына
1-қосымша

ULIWMA BO'LIM UMUMIY BO'LIM QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI JOQARG'I KENESINIŃ APPARATI

**Қарақалпақстан Республикасын 2026-жылда раўажландырыўдың тийкарғы макроэкономикалық прогнозы хәмде 2027-2028-жыллар ушын мақсетли режелер**

| № | Көрсеткишлер | 2026-жыл ушын прогноз | Мақсетли режелер | |
|---|---|---|---|---|
| | | | 2027-жыл | 2028-жыл |
| 1. | Жалпы аймақлық өним, трлн сўм | 57,9 | 66,3 | 75,4 |
| 2. | Жалпы аймақлық өнимниң өсим пәти, процентте | 6,2 | 6,3 | 6,4 |
| 3. | Тутыныў бахалары индекси, өткен жылдың декабрь айына салыстырғанда, процентте | 7,0 | 5,0-6,0 | 5,0-6,0 |
| 4. | Санаат өнимлериниң өсим пәти, процентте | 6,5 | 6,9 | 6,3 |
| 5. | Аўыл, тоғай хәм балықшылық хожалықларында ислеп шығарыўдың өсим пәти, процентте | 3,9 | 4 | 4,0 |
| 6. | Базар хызметлери өсим пәти, процентте | 17,5 | 14 | 15,6 |
| 7. | Қурылыс жумысларының өсим пәти, процентте | 8,2 | 7,4 | 7,4 |

Қарақалпақстан Республикасы
Жоқарғы Кеңесиниң
2025-жыл «29» Декабрдеги
88/IX-санлы қарарына
2-қосымша

**Қарақалпақстан Республикасының республикалық бюджети дәраматларының 2026-жыл ушын тийкарғы прогноз көрсеткишлери**

*млн.сўмда*

| т/р | Дәрамат түрлери | Жәми |
|---|---|---|
| **I** | **ЖӘМИ** | **2 031 098,1** |
| 1 | Юридикалық шахслардан алынатуғын пайда салығы | 127 284,8 |
| 2 | Айланбадан алынатуғын салық | 21 090,2 |
| 3 | Физикалық шахслардан алынатуғын дәрамат салығы | 1 110 150,2 |
| 4 | Қосылған қун салығы | 105 982,9 |
| 5 | Акциз салығы, жәми | 214 822,1 |
| | *соннан* | - |
| | *- арақ* | 54 699,6 |
| | *- бензин, дизел жанылғысы ҳәм газ реализациясынан салық* | *160 122,5* |
| 6 | Юридикалық шахслардың мал-мүлкине салынатуғын салық | 149 424,0 |
| 7 | Физикалық шахслардың мал-мүлкине салынатуғын салық | - |
| 8 | Юридикалық шахслардың жер салығы | 71 549,0 |
| 9 | Физикалық шахслардан алынатуғын жер салығы | - |
| 10 | Жер асты байлықларынан пайдаланғанлығы ушын салық (руда емес материаллары) | - |
| 11 | Суў ресурсларынан пайдаланғанлығы ушын салық | - |
| 12 | Мәмлекетлик бажы | 84 476,0 |
| 13 | Жәриймалар | 57 553,2 |
| 14 | Мәмлекетлик мүлкти ижараға бериўден төлем | - |
| 15 | Мәмлекетлик шөлкемлердиң дивиденд төлемлери | 454,0 |
| 16 | Басқа жыйымлар | 88 311,8 |
| **II** | Трансфертлер | **2 369 483,4** |
| 1 | Соннан, өткерип берилетуғын қаржылар | 191 514,0 |
| | **ЖӘМИ ДӘРАМАТЛАР** | **4 400 581,4** |

Қарақалпақстан Республикасы
Жоқарғы Кеңесиниң
2025-жыл «19» Декабрьдеги
88/IX - санлы карарына
3-қосымша

## Қарақалпақстан Республикасының республика бюджетинен 2025-жылда аймақлық бюджет қаржыларын бөлистириўшилерге ажыратылатуғын қәрежетлердиң улыўма шекленген муғдарлары

*млн сўмда*

| № | Көрсеткишлер | Муғдары |
|---|---|---|
| | **Қәрежетлер муғдары , Жәми** | **4 400 581,4** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | **4 187 381,46** |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкция қылыў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | **213 200,0** |
| 1 | **Мектепке шекемги хәм мектеп билимлендириўт министрлиги** | **598 082,9** |
| | *соннан* | |
| | саклаў қәрежетлери | 449 933,0 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкция қылыў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 148 150,0 |
| 2 | **Жоқары билимлендириў, илим хәм иновациялар министрлиги** | **243 885,8** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | 243 885,8 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкция қылыў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 0,0 |
| 3 | **Ден-саўлықты сақлаў министрлиги** | **222 556,2** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | 174 956,2 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкция қылыў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 47 600,0 |
| 4 | **Мәдeният министрлиги** | **148 233,5** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | 148 233,5 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкция қылыў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 0,0 |
| 6 | **Спорт министрлиги** | **103 907,7** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | 103 907,7 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкция қылыў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 0,0 |
| 7 | **Мәмлекетлик архив басқармасы** | **5 522,7** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | 5 522,7 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкция қылыў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 0,0 |
| 8 | **Өсимликлер карантини хәм қорғаў агентлиги** | **18 343,1** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | 18 343,1 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкция қылыў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 0,0 |
| 9 | **Абаданластырыў басқармасы** | **1 100,0** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | 1 100,0 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкция қылыў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 0,0 |

| | | |
|---|---|---|
| **10** | **Мәлимлеме Китапхана орайы** | **3 309,5** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | 3 309,5 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкция қылыў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 0,0 |
| **11** | **Аўыл хожалығы министрлиги** | **51 590,4** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | 51 590,4 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкция қылыў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 0,0 |
| **12** | **Суў хожалығы министрлиги** | **119 847,3** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | 102 397,3 |
| | Суўғарылатуғын жерлердиң мелиоратив жағдайын жақсылаў | 45 100,0 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкция қылыў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 17 450,0 |
| **13** | **Транспорт министрлиги** | **1 952,1** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | 1 952,1 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкция қылыў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 0,0 |
| **14** | **Бәсекиликти раўажландырыў хәм тутыныўшылар ҳуқықларын қорғаў комитети** | **1 707,4** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | 1 707,4 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкция қылыў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 0,0 |
| **15** | **Ветеринария хәм шарўашылықты раўажландырыў комитети** | **4 008,5** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | 4 008,5 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкция қылыў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 0,0 |
| **16** | **Экология, қоршаған орталықты қорғаў хәм ықлым өзгериўи министрлиги** | **74 959,1** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | 74 959,1 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкциялаў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 0,0 |
| **17** | **Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси** | **19 895,1** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | 19 895,1 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкциялаў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 0,0 |
| **18** | **Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси** | **35 991,7** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | 35 991,7 |
| | Министрлер Кенеси жанындағы тамарқа суўғарыў орайы Мәмлекетлик мәкемеси | 290,6 |
| | Министрлер Кеңеси жанындағы пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары хызметкерлериниң билимин жетилистириў бойынша оқыў курсы қәрежетлери | 523,0 |
| | Мәмлекетлик бюджеттен басқа бюджеттен тысқары мәмлекетлик қорларға берилетуғын қаржылар | 80 000,0 |
| | Норентабель автобус жөнелислеринен көрилетуғын зыянларды қаплаў ушын субсидия | 1 100,0 |
| | Сақлаўлы қоры | 24 335,0 |
| | Пуқараларға жеткерилген зыянды қаплаў қәрежетлери | 3 500,0 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкциялаў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 0,0 |

| | | |
|---|---|---|
| 19 | **Әдиллик министрлиги** | **16 762,0** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | 16 762,0 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкциялаў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 0,0 |
| 20 | **Салық басқармасы** | **97 695,8** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | 97 695,8 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкциялаў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 0,0 |
| 21 | **Жаслар ислери агентлиги** | **3 267,3** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | 3 267,3 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкциялаў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 0,0 |
| 22 | **Экономика хәм финанс министрлиги** | **2 269 343,3** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | 2 269 343,3 |
| | Мәмлекет есабынан жалланған адвокатлар тәрепинен юридикалық жәрдем көрсетилгенлиги ушын төленетуғын төлеўлер бойынша қәрежетлер | 1 500,0 |
| | Халықаралық қаржыландырыў институтлардан Өзбекстан Республикасы кепиллиги астында алынған кредитлер бойынша төлеўлер | 6 350,8 |
| | Ыссылық тәмийнаты кәрханаларына субсидиялар | 1 214,9 |
| | Мәмлекетлик қамсызландырыў қорына өткерилетуғын трансфертлер | 2 260 277,6 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкциялаў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 0,0 |
| 23 | **Қазнашылық хызмети басқармасы** | **9 610,6** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | 9 610,6 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкциялаў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 0,0 |
| 24 | **Бюджеттен тысқары Пенсия қорының аймақлық басқармасы** | **13 374,8** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | 13 374,8 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкциялаў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 0,0 |
| 25 | **Туризм басқармасы** | **1 666,5** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | 1 666,5 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкциялаў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 0,0 |
| 26 | **Тоғай хожалығы мәкемелери** | **48 462,2** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | 48 462,2 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкциялаў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 0,0 |
| 27 | **Мәмлекетлик активлерди басқарыў агентлиги аймақлық басқармасы** | **1 443,7** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | 1 443,7 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкциялаў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 0,0 |
| 28 | **Кәмбағаллықты қысқартыў хәм бәнтлик министрлиги** | **12 505,5** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў қәрежетлери | 12 505,5 |
| | объектлер жойбарластырыў, қурыў (реконструкциялаў) хәм үскенелеў ушын капитал қойылмалар | 0,0 |

| | | |
|---|---|---|
| 29 | **Қурылыс ҳәм үй-жай коммунал хожалығы министрлиги** | **18 916,0** |
| | *соннан:* | |
| | саклаў кәрежетлери | 14 917,0 |
| | Ыссылық тәмийнаты тармағын онлаў кәрежетлери | 2 359,0 |
